



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-413

Sijè: TELEFÒN SELILÈ AK LÒT APARÈY ELEKTWONIK ANNDAN LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: jeudi 26 février 2015

### REZIME

Se yon nouvo règleman. Li kontwole règleman Depatman edikasyon konsènan posesyon ak itilizasyon: 1) telefòn selilè; 2) laptop, tablèt, iPads ak lòt aparèy konpitè sanblab (“computing devices”); ak 3) sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman nan lekòl. Yo pèmèt pou moun gen telefòn selilè, aparèy konpitè ak sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman nan lekòl. Chak lekòl dwe etabli pwòp règ yo ki konsistan avèk Règleman an sou itilizasyon bagay sa yo nan lekòl dapre . Règleman sa a ranplase Seksyon V(D), V(E), V(F) ak dokiman siplemantè A Règleman Chanselye A-412 nan dat 8 novanm 2006.

**I. RÈGLEMAN DOE**

- A. Yo pèmèt elèv vini avèk aparèy dijital sa yo nan lekòl: 1) telefòn selilè; 2) laptop, tablèt, iPads ak lòt aparèy dijital ki menm ak yo (“computing devices”); ak 3) sistèm mizik ak divètisman pòtab (tankou iPods, MP3 players, PSP and Nintendo DS).<sup>1</sup>
- B. Elèv pa ka limen ni itilize selilè sistèm ak ekipman pou tande mizik ak pou divètisman pandan y ap bay quiz, tès oswa egzamen.<sup>2</sup>
- C. Yo pa ka ni aktive ni itilize okenn aparèy elektwonik pandan okenn quiz, tès oswa egzamen, eksepte lè lekòl la otorize sa klèman oswa lè yo otorize sa nan yon Plan edikasyon endividyèl (*Individualized Education Plan, IEP*) oswa nan Plan Akomodasyon Seksyon 504.
- D. Yo pa ka ni limen ni itilize okenn aparèy elektwonik ni sistèm pou tande mizik ak divètisman padan egzèsis ensandi ni okenn lòt egzèsis preparasyon an ka ijans.
- E. Yo pa ka itilize selilè, aparèy dijital, sistèm mizik ak divètisman pòtab ni sistèm pou tande mizik nan vestyè (*locker rooms*) ni nan twalèt yo.

**II. DEVLÒPMAN RÈGLEMAN LEKÒL ALEKRI**

- A. Direktè lekòl yo dwe etabli règleman lekòl yo alekri konsènan itilizasyon telefòn selilè ak sistèm mizik ak divètisman ki anrèg avèk Règleman sa a epi k ap gen ladan:
  - 1. sikonstans kote yo ka itilize telefòn selilè, kalkilatris ak sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman ak lòt aparèy nan lekòl la; ak
  - 2. pwosedi pou yo konfiske, kenbe ak remèt bagay sa yo.
- B. Direktè lekòl yo dwe chita pale avèk Ekip lidèchip lekòl la (*School Leadership Team, SLT*) pou devlope règleman pou lekòl yo.
- C. Anplis, pou lekòl ki nan campus yo, Konsèy Bilding lan dwe etabli yon règleman alekri konsènan itilizasyon bagay sa yo nan espas ke lekòl yo pataje yo, tankou oditoryòm, koulwa ak kafeterya.<sup>3</sup>

<sup>1</sup> Kidonk règleman sa a ranplase seksyon V(D), V(E), ak V(F) ak dokiman siplemantè Règleman Chanselye A-412.

<sup>2</sup> Se Règleman Depatman Edikasyon Eta (State Education Department, SED) ki kontwole itilizasyon selilè, aparèy Pòtab pou tande mizik oswa pou divètisman ak lòt ekipman elektwonik lè lekòl ap bay egzamen ofisyèl leta.

<sup>3</sup> Chak lekòl nan yon campus dwe gen yon vòt sou règleman pou campus la. Vòt ki an majorite a ap detèmine règleman an. Si vòt yo ta egal, Konsèy Bilding lan sipoze kontakte Biwo ki jere Campus la, pou limenm pran desizyon final la.

- D. Lekòl yo dwe adopte tout règleman pou ane lekòl 2014-2015 disi 2 mas 2015, epi apre, chak ane nan dat 31 oktòb pou pi ta.
- E. Pou ane lekòl 2014-2015, si yo pa adopte yon règleman pou lekòl la pou pi ta 2 mas 2015, direktè yo dwe aplike youn nan règleman pwovizwa pou pi ta 2 mas 2015 epi yo dwe kominike règleman sa yo pou elèv yo, paran ak estaf nan dat 1ye avril 2015 pou pi ta, jan yo di sa nan Seksyon III A ak III B pi ba:
  - 1. Elèv gen dwa vini avèk telefòn selilè, aparèy elektwonik ak sistèm pòtab pou fè mizik ak divètisman nan lekòl la; oswa
  - 2. Elèv gen dwa vini avèk telefòn selilè nan lekòl la, men lekòl la ap ranmase yo lè elèv antre nan bilding lan kenbe yo nan plas kèlkonk jiskaske jounen lekòl la fini. Elèv gen dwa vini avèk aparèy elektwonik ak sistèm pòtab pou fè mizik ak pou divètisman nan lekòl la, men yo pa ka limen yo ni itilize yo nan lekòl la.
- F. Rive 31 oktòb chak ane, kòmanse avèk ane lekòl 2015-2016 la, chak lekòl dwe sètifye nan Plan konsolide devlopman lekòl ak jèn (*Consolidated School and Youth Development Plan*) lan ke li adopte yon règleman konsènan telefòn selilè, aparèy elektwonik, ak sistèm pòtab pou tandè mizik ak divètisman nan lekòl la, epi li mete elèv, paran ak estaf okouran règleman sa a, jan yo di sa nan Seksyon III A ak III B pi ba a.

### III. KOMINIKASYON RÈGLEMEN LEKÒL YO

- A. Chak lekòl dwe bay elèv, paran ak estaf yon avi anyèl alekri sou Règleman sa a ak sou pwòp règleman lekòl la rive 31 oktòb. Pou ane lekòl 2014-2015 la sèlman, yo dwe bay avi sa a nan dat 1 avril 2015 pou pi ta.
- B. Chak lekòl dwe fè yon oryantasyon sou Règleman sa a ak règleman lekòl la pou elèv, paran ak estaf chak ane rive 31 oktòb. Pou ane 2014-2015 lan sèlman, oryantasyon an dwe fèt avan dat 1 avril 2015 pou pi ta.
- C. Chak lekòl dwe afiche yon avi sou òp règleman li an nan sitwèb lekòl la.

### IV. DISIPLIN ELÈV

Y ap pini elèv ki itilize telefòn selilè, aparèy konpitè oswa sistèm pòtab pou tandè mizik ak pou divètisman pou vyole Kòd Disiplin DOE a, règleman lekòl, CR A-413, ak/oswa Règleman pou itilizasyon akseptab ak sekirite DOE sou entènèt (*Internet Acceptable Use and Safety Policy*, IAUSP) dapre entèkansyon pou oryantasyon ak pwosedi disiplin ki tabli nan Kòd disiplin lan.

### V. KONFISKASYON TELEFÒN SELILÈ, APARÈY ELEKTWONIK, AK SISTÈM POU TANDE MIZIK AK DIVÈTISMAN

Si yon lekòl konfiske yon telefòn selilè, aparèy elektwonik ak/oswa sistèm pòtab pou tandè mizik ak divètisman pou vyolasyon Règleman Chanselye A-413 la, ak/oswa kòd "IAUSP" DOE, Direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe kontakte paran elèv la. Konfiskasyon, mete nan depo ak retounen bagay sa yo bay mèt yo dwe fèt dapre règleman lekòl la. (Gade Seksyon II A pi wo)

**VI. EKSEPSYON**

Chanselye a rezève dwa l pou pa aplike règleman sa a oswa nenpòt pòsyon ladan si l wè se nan pi bon enterè sistèm lekòl la.

**VII. DEMAND RANSÈYMAN**

Si gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo ba:

Office of Safety and Youth Development

N.Y.C. Depatman Edikasyon

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4220

Faks: 212-374-5751